



Pou Piblikasyon Imedya: 30/01/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**NAN KA KE OU TE RATE LI: LÈT OUVÈT GOUVÈNÈ HOCHUL NAN NEW YORK
DAILY NEWS: ANN DAKÒ POU EDE FANMI KI AN DÈY YO AVAN DAT LIMIT
MINWI JODI A**

Jodi a, New York Daily News pibliye yon editoryal Gouvènè Kathy Hochul sou Lwa sou Fanmi ki an Dèy yo anvan dat limit pou aksyon aswè a. Tèks atik opinyon an disponib anba a epi ou kapab wè li sou entènèt [isit la](#).

Te toujou gen anpil diskisyon sou merit pou chanje lwa sou lanmò injistifye New York la, ki te adopte pou premye fwa an 1847. Lwa jodi a pèmèt moun yo rekipere domaj monetè pou pèt yon moun yo renmen, ki mezire an enpak ekonomik, san yo pa konpanse bilan emosyonèl la.

Antanke yon paran, mwen konnen jan pitit nou yo presye pou nou, e mwen konnen jan sa dwe devastatè pou yon fanmi aprann ke dapre lwa New York lavi pitit pa yo gen mwens valè pase yon moun ki pi gran ki touche yon salè. Mwen rekonèt tou ke lwa a jan li ye kounye a, bay valè lak avi sou baz sou salè potansyèl, ranfòse modèl istorik inegalite estriktirèl ak rasis. Sa a se youn nan anpil domèn enjis ki rete nan sistèm legal nou an, nou pa dwe janm abandone travay enpòtan pou fè chanjman ki nesesè yo.

Mwen tande istwa douloure anpil fanmi ki gen timoun ki pèdi nan aksidan devastatè, ki vle jistis epi ki konnen lavi pitit yo gen valè dapre lalwa. E mwen dakò ak yo.

Kesyon an se kòman. Ane pase a, Lejislati a te adopte yon pwojè lwa, Lwa sou Fanmi ki an Dèy yo (Grieving Families Act), ki ta pral fè yon revizyon konplè sou kad lanmò injistifye yo. Li ta elaji yon fason konsiderab benefisyè yo, kategori domaj yo, ak lwa limitasyon yo.

Ekspè yo te mete aksan sou enkyetid ke konsekans enprevi lejislasyon konsiderab ak pwolonje sa a ta enpòtan. Li rezonab pou nou panse ke lejislasyon an, jan li te redije a, pral ogmante prim asirans sante ki deja wo, sa ki ajoute gwo depans pou anpil sektè nan ekonomi nou an, patikilyèman lopital ki toujou ap rekipere apre pandemi an epi ki ap lite pou rete an vi — ki gen ladan lopital piblik yo ki sèvi kominote defavorize yo. Sa a se yon kesyon ki ta benefisyè yon analiz ak anpil atansyon anvan, men pa apre, yo fin adopte yon lejislasyon radikal.

Pwojè lwa sa a te adopte nan fen sesyon lejislatif la; yo te apwouve pwojè lwa a nan komite a epi yo te vote li nan alafwa Asanble a ak Sena a, an antye, nan menm jou a. Sa ki te manke se te yon evalyasyon serye sou enpak gwo chanjman sa yo sou ekonomi an, ti biznis yo, moun yo, ak sistèm swen sante konplèks eta a.

Sa a se yon pwoblèm ki ekstrèmman emosyonèl ak konplèks, epi youn ki dwe jere avèk atansyon ak balans: objektif nou se nou dwe bay jistis pou fanmi ki an dèy yo san nou pa voye ekonomi an nan detrès.

Mwen kwè ke fanmi ki pèdi moun yo yon fason enjis ta dwe kapab resevwa konpansasyon konsiderab, epi yo vle fè travay di ki nesesè pou jwenn solisyon ki byen ekilibre. Kòm yon premye etap, mwen te sijere bay Lejislati a pou nou amande lejislasyon an epi siyen an lwa yon vèsyon ki ta bay paran timoun ki te trajikman mouri nan aksidan opòtinite pou chèche responsablite siyifikatif pou pèt ki boulvèse kè yo pandan ke, pou kounye a, y ap egzante reklamasyon neglijan medikal ki koute pi chè yo.

Apwòch sa a rekonèt ke agrandi kad lanmò injistifye a dwe fèt nan yon fason metodik, ak entelijan. Sa t ap ba nou tan pou nou gade done epi konbat pwoblèm konplèks yo, tankou entèdiksyon inik konstitisyonèl eta nou an kont limit sou domaj yo.

Kèlkeswa si Lejislati a dakò ou pa nou ta dwe pran kèk premye etap nan direksyon pou nou elaji aksè ak jistis, konsekans chanjman lwa sou lanmò injistifye a nan New York, gade done anpirik yo ak eksperyans lòt eta yo ta dwe analize. Sa ap ede asire nou gen enfòmasyon nou manke kounye a pandan n ap evalye nenpòt agrandisman enpòtan nan lwa a.

Nou dwe byen konprann enpak chanjman potansyèl yo sou ti biznis yo, fanmi yo, doktè yo ak enfimiyè yo, lopital ki gen difikilte nan kominote ki pa jwenn ase desèvi yo, ak ekonomi an jeneral pou asire ke konsekans endezirab yo pa eklipse byen nou ka fè pou fanmi ki an dèy yo.

San okenn akò sou pwopozisyon jis administrasyon mwen an te fè yon mwa de sa, gen yon risk ke dèle pou aksyon an pral ekspire a minwi aswè a. Epi sa t ap jis yon lòt ensil pou fanmi ki an dèy yo k ap tann nou fè sa ki dwat.

Mwen ankouraje Lejislati a pou yo mete ansanm avè m pou franchi yon etap enpòtan pou paran ki an dèy akòz pèt pitit yo nan aksidan yo kapab finalman resevwa jistis yo te refize yo pandan 176 dènye ane yo.

###